



Pou Piblikasyon Imedya: 22/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**NAN JOUNEN LATÈ A, GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE MTA PWOLONJE VAG  
DEPLWAMAN BIS ZEWO EMISYON YO NAN SIS DEPO**

***Premye bis elektrik yo k ap bay ekite priyorite, pral deplwaye nan kominote ki defavorize istorikman yo***

***Avèk nouvo depo yo, MTA ap genyen depo bis elektrik k ap sèvi tout senk awondisman yo***

***Nouvo bis zewo emisyon yo ap ranfòse angajman MTA a pou dirabilite ak jistis anviwònmantal***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Otorite Transpò Metwopoliten an (Metropolitan Transportation Authority, MTA) ap deplwaye 60 bis elektrik zewo emisyon nan sis depo bis k ap sèvi toule senk awondisman yo. Deplwaman sa ranfòse angajman Otorite Transpò Metwopoliten an pou egalite ak jistis anviwònmantal lè li bay kominote ki gen opresyon ak pousantaj polisyon ki wo yo priyorite. Nan Vil New York a peprè 75 pousan nan depo bis Otorite Transpò Metwopoliten yo sitiye nan kominote ki gen revni ki fèb/modere yo, epi wout bis transpò piblik yo fonksyone nan fason ki pa pwopòsyonèl atravè katye sa yo.

"Administrasyon mwen an fokalize tankou lazè pou akselere tranzisyon nou vè enèji pwòp," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Transpò piblik la te toujou enpòtan anpil pou diminye emisyon yo epi deplwaman sa se yon gwo etap vè angajman MTA a pou yon flòt bis zewo emisyon vè 2040. Pwogrè New York nan modènizasyon enfrastrikti transpò nou an gen enpak konsiderab ki ede abòde pwoblèm ekite sosyal epi kontinye simante estati nou antanke yon lidè nasyonal nan konba kont chanjman klimatik la."

Anons lan reprezante yon etap enpòtan vè angajman 2018 Otorite Transpò Metwopoliten an (MTA) pou deplwaye yon flòt bis zewo emisyon vè 2040, k ap evite 520,000 tòn metrik emisyon kabòn chak ane. Premye nan nouvo bis elektrik sa yo ap rive nan depo yo nan dezyèm mwatye 2022 a epi y ap nan toule sis lokal yo an 2023. Otorite a fonksyone aktyèlman ak 15 bis elektrik zewo emisyon, epi Pwogram Kapital istorik 51.5 milya dola MTA pou 2020-2024 la genyen ladan l 1.1 milya dola finansman pou achte yon lòt 500 bis.

Bis sa yo ap bay sèvis nan anpil wout nan depo sa yo

- Grand Ave, Queens: k ap sèvi B24, B32, B39, B47, B48, B57, B60, B62, Q59
- Charleston, Staten Island: k ap sèvi S55, S56, S74, S78, S84
- Lès New York, Brooklyn: k ap sèvi B12, B14, B15, B17, B25, B42, B45, B65, B82, B83, B84, Q24, Q56
- Kingsbridge, Manhattan: k ap sèvi Bx3, Bx7, Bx10, Bx13, Bx18, Bx20, M100
- Michael J. Quill, Manhattan: k ap sèvi M8, M9, M12, M20, M21, M22, M42, M50, M55, M57, M66, M72
- Jamaica, Queens: k ap sèvi Q3, Q4, Q5, Q17, Q30, Q42, Q77, Q84, Q85

Anplis, senk depo bis sa yo ap ekipe ak nouvo enfrastrikti chajè modèn pou sipòte flòt bis elektrik k ap ogmante MTA a apati dezyèm mwatye 2022 a: Grand Ave, Charleston, Lès New York, Jamaica, ak Kingsbridge. Chajè sou wout Williamsburg Bridge Plaza a ap resevwa mizajou tou. Tout mizajou enfrastrikti yo ap konplete anvan bis yo rive nan chak depo.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Tranpò Metwopoliten an, Janno Lieber, te deklare,** "Mwen pa ka reflechi sou yon pi bon mwayen pou selebre Jounen Latè a pase lè nou anonse deplwaman bis elektrik enpòtan sa. Nou konnen ke bis yo se motè pou egalite, epi se yon priyorite pou MTA mete bis elektrik pou kominote jistis anviwòmantal ki pi afekte pa chanjman klimatik ak polisyon yo. Tout Nouyòkè ka antre nan konba kont chanjman klimatik la lè yo woule ak MTA epi bis elektrik sa yo ap diminye emisyon kabòn yo pi plis nan rejyon nou an."

**Prezidan pa Enterim Transpò Piblik Vil New York la, Craig Cipriano, te deklare,** "MTA a angaje nan flòt bis zewo emisyon pou pwoteje vil nou an kont efè danjere konbistib fosil yo, epi deplwaman sa se yon gwo etap pou fè transpò an komen ki respekte anviwòmman an epi pi pwòp ke jamè. Deplwaman sa ap ogmante prezans bis elektrik zewo emisyon yo anpil nan ri Vil New York yo nan toule senk awondisman yo epi yo reprezante pwogrè ki enpòtan vè yon flòt bis zewo emisyon."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare,** "Nan Jounen Latè sa, se yon plezi pou rejwenn MTA a nan selebrasyon etap enpòtan yo vè elektrifikasyon flòt yo a pandan n ap kontinye travay ansanm pou konbat chanjman klimatik la epi fè yon chanjman vè avni enèji pwòp nou an. Bis zewo emisyon yo jwen yon wòl kle nan diminisyon polisyon nan lè nan kominote nou yo pandan y ap bay sèvis transpò esansyèl pou konekte Nouyòkè yo ak travay, aktivite ak sèvis atravè zòn Vil New York la."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa Otorite Enèji New York, Justin E. Driscoll, te deklare,** "MTA a ap fikse yon mezi ki wo nan sa ki gen pou wè ak direksyon vè yon tranzisyon konplè nan transpò piblik ki pwòp epi Otorite Enèji New York la fyè de wòl li pou fè tout flòt bis la elektrik la vin yon reyalyte. N ap finalize konsepsyon pou enfrastrikti chajè ayeryen modèn nan toule kat depo yo epi n ap avanse nan

konstriksyon an nan mwa k ap vini yo. Patenarya sa ap mennen nou pi pre vè yon sistèm transpò k ap ede pwoteje sante kominote yo epi ki pwomèt yon avni ki pi dirab pou tout moun nan Vil New York."

Deplwaman sa genyen plizye gwo etap enpòtan pou flòt bis MTA a, ki enkli premye bis elektrik 40 pye regilye ke ajans lan posede yo, premye chajè pantograf ayeryen nan depo yo, premye patenarya ak Otorite Enèji New York la pou jere enstalasyon chajè yo, ak premye patenarya ak yon konpayi enèji pou enstale sèvis wot tansyon ak konstriksyon yon nouvo sou-estasyon pou alimante bis elektrik yo. Inisyativ sa bay kominote jistis anviwònmantral yo priyorite, k ap mete bis vè sou wout katye yo k ap plis benefisye yo, epi k ap akselere pwogrè Otorite a pou diminye emisyon kabòn nan flòt bis li a. Aktyèlman MTA a gen plis pase 1,300 bis ibrid ki gen emisyon ki fèb nan flòt li a, ki enkli 399 bis ibrid 2yèm jenerasyon ki fonksyone sou mòd batri EV sèlman pandan yon pòsyon nan tan an, ki diminye itilizasyon konbistib fosil anpil.

MTA ap komemore Jounen Latè a tou ane sa lè li fè Nouyòkè yo sonje ke pi bon fason pou konbat chanjman klimatik la se pran transpò piblik. Chak ane, sistèm transpò piblik dirab sou plan anviwònmantral MTA a pèmèt rejyon metwopoliten New York la evite plis pase 17 milyon tòn metrik emisyon gaz efè sèr chak ane — oswa plis pase twa fwa emisyon gaz efè sèr San Francisco. Sa vle di tou ke Eta New York gen konsomasyon enèji pa abitan ak emisyon gaz efè sèr ki pi ba nan Etazini. Angajman nan yon flòt bis zewo emisyon vè 2040 ap fè sa ki deja mwayen ki pi dirab la pou deplase nan rejyon New York la pi ekoloji toujou.

**Majistra Vil New York, Eric Adams, te deklare,** "Nou konnen ke jistis anviwònmantral la kòmanse sou teren an, pou kòmanse pa kominote ki pi afekte pa chanjman klimatik yo. Transpò piblik la se yon pati ki enpòtan anpil nan travay sa pou konstui yon vil ki pi vè epi ak plis bis zewo emisyon yo sa ap alimante efò sa plis toujou, k ap mennen Nouyòkè yo kote yo bezwen ale a pandan l ap diminye polisyon lè ki danjere. Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li bay jistis anviwònmantral la priyorite, ki santre sou kominote ki frape pi fò pa chanjman klimatik la, k ap ede vil nou an vanse pou pi devan."

**Reprezantan Jamaal Bowman te deklare,** "Adrese pwoblèm chanjman klimatik la enpòtan pou tout kominote nou yo. Elektrifye sistèm transpò nou an se yon pati esansyèl nan konba pou pwoteje moun ak planèt nou an, epi mwen kwè ke transpò piblik la ta dwe ouvri wout la. Mwen kontan pou wè MTA a pran mezi ki konkrè pou diminye gaz efè sèr pandan l ap bay transpò ki fyab pou vwazen yo isit la nan 16yèm Distri Kongrè New York la. Mwen pa ka tann pou sipòte ajans lan nan akselere transizyon li vè enèji pwòp, epi mete pa sèlman distri nou an men peyi a nan yon avni ki pi dirab."

**Senatè Eta a Leroy Comrie te deklare,** "Mwen akeyi anons bis ekolojik siplemantè yo ak prezans yo nan toule senk awondisman yo. Bis zewo emisyon yo se yon pa an avan pou sistèm transpò piblik nou an, pou katye nou yo, ak pou anviwònman nou an. Pandan n ap fè tranzisyon vè yon flòt bis zewo emisyon, li enpòtan pou nou kenbe jistis anviwònmantral la nan lespri nou epi asire ke nou kontinye bay enklizyon andanm ak dirabilite priyorite."

**Senatè eta a, Roxanne J. Persaud te deklare,** "Pandan n ap selebre Jounen Latè 2022 a, li nòminal ke nou fè anons sa. Swasant nouvo bis elektrik yo ap ede diminye emisyon yo atravè rezo bis MTA a, patikilyèman sou kèk nan wout k ap sèvi Distri 19 Sena a. Mwen bat bravo pou angajman MTA a pou avanse vè yon flòt 100% zewo emisyon vè 2040."

**Prezidan Minisipalite Manhattan, Mark Levine, te deklare,** "Li pasyonan pou wè MTA ap vanse nan fason ki pi akselere nan tranzisyon li vè yon flòt pis ki konplètman elektrik. Konba nou kont chanjman klimatik la ka oryante pa sèlman lè nou ofri moun yo sèvis transpò an komen ki rapid, fyab, epi efikas, men tou lè nou asire ke veyikil k ap pote moun yo konplètman elektrik. Mwen pa ka tann pou monte bis elektrik sa yo pandan y ap rive nan ri Manhattan yo".

**Prezidan Minisipalite Queens, Donovan Richards Jr te deklare,** "Pandan plizyè jenerasyon, konsomasyon konbistib fosil san kontwòl ak pwodiksyon emisyon te gen konsekans ki danjere epi ki diferan pou anpil nan kominote ki defavorize istorikman yo atravè Queens, soti nan "Asthma Alley" Astoria a rive Jamaica ak pi lwen toujou. Ak anons jodi a, mare sa kòmanse chanje. Lè nou elektrifye flòt bis nou an konplètman, se yon pa enpòtan pou prezève anviwònman nou an epi pwoteje fanmi nou yo, epi mwen rekonesan a MTA pou angajman li pou ranplase plis bis elektrik nan Queens sezon otòn sa. Mwen pa ka tann pou travay avèk MTA pou akselere pwosesis sa pi plis pandan chanjman klimatik la ap kontinye peze sou awondisman nou an."

**Manm Konsil Vil New York Selvena N. Brooks-Powers, te deklare,** "Vil New York te sibi dezentvestisman pandan plizyè lane, ki lakoz kominote moun nwa ak mawon yo manke aksè ki fyab nan transpò. Mwen bat bravo pou Gouvènè Kathy Hochul ak Prezidan MTA a Janno Lieber dèske yo priyorize aksè ki ekitab nan transpò ekolojik pou asire ke kominote ki gen mwens resous yo gen aksè nan transpò ki fyab, ki sekirize, nan pri abòdab epi ki aksesib. Deplwaman 60 bis elektrik zewo emisyon yo - tankou Q5, ki sèvi Laurelton ak Rosedale - ap asire ke Nouyòkè yo gen aksè nan transpò, pandan yo p ap kontribye nan ogmante pousantaj opresyon ak polisyon nan lè."

**Manm Konsèy Vil New York, Eric Dinowitz, te deklare,** "Ak sa nou konnen kounye a konsènan akselerasyon enkyetan chanjman klimatik la, se nouvèl ki byen akeyi ke MTA a ap chèche fè pati pa li ak deplwaman 60 nouvo bis elektrik. Sa se sèlman yon premye pa vè yon rezo 100% zewo emisyon vè 2040, men se yon pa ki enpòtan anpil. Nou nan yon moman kote pousantaj opresyon yo ap ogmante nan Bronx, epi syantifik atravè planèt la ap sipliye gouvènman ak sektè prive yo pou pran mezi sa yo pou pwoteje kondisyon lavi sou tè nou an. Mwen apresye ke ajans nou yo isit la nan New York, ap koute epi pran mezi."

**Manm Konsèy Vil New York Sandy Nurse, te deklare,** "Anons jodi a pa MTA pou ranplasman yon kantite bis elektrik konplè se yon etap ki nesèsè pou diminye emisyon sistèm transpò piblik nou an ak enpak negatif li sou sante nan kominote nou yo. Pandan

MTA ap kontinye fè pwogrè vè yon flòt 100% zewo emisyon, nou dwe kontinye asire ke nou bay kominote jistis anviwònmanal tankou Lès New York priyorite, ki te pote chaj enfrastrikti polisyon yo twò souvan."

**Manm Konsèy Vil New York la, Robert Holden, te deklare,** "Anviwònman nou an gen anpil valè, epi nou ta dwe kite mond sa pi byen ke jan nou te jwenn li an. Nan Jounen Latè sa, ak chak jou, nou ta dwe fè tout efò pou diminye emisyon nou epi amelyore klima nou an".

**Prezidan Lig Konsèvasyon Elektè New York la (New York League of Conservation Voters), Julie Tighe, te deklare,** "Nou pa ka atake kriz klima a san nou pa atake polisyon transpò a, epi enveisti nan transpò piblik. Pa gen pi bon pwogrè pou anviwònman an ak sante piblik la nan New York pou selebre Jounen Latè a pase lè MTA a kontinye angajman li pou deplwaye 60 bis elektrik zewo emisyon nan wout li pou yon flòt ki konplètman elektrik. Ak opresyon ki se premye koz absans nan lekòl, diminye polisyon nan lè nan kominote ki loje bis yo enpòtan anpil pou amelyore sante piblik vwazen nou yo, epi kenbe timoun yo nan klas. Lig Konsèvasyon Elektè New York la remèsye Gouvènè a, MTA a, ak kolaborasyon ant lidè nou yo pou rann sa posib."

**Vis Prezidan Prensipal Customer Energy Solutions, Lenny Singh, te deklare,** "Con Edison fyè pou l yon patnè ak MTA nan chanjman vè vis elektrik enpòtan li a. Pandan veyikil elektrik yo ap touche lari a, li enpòtan anpil pou gen yon rezo chajè ki solid sou plas. Se la nou antre: lè nou envesti pou asire fyabilite rezo elektrik la, epi lè nou angaje ak objektif Eta New York yo pou yon avni enèji pwòp."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418